

Pembantoe sareng agen: Priangan koeloa, Bestuur Pasoendan Bogor. di Tjandjoer Bestuur Pasoendan Tjandjoer. Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamit. Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Redakteur: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA. Redakteur di Batawi SOERADIRADJA.

KARANGAN adreana ka REDACTIE Heerenstraat 31. POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

Pangas ADVERTENTIE: Sakali moeat sadjar sakolom 30 sen paling sacuti 10 djar sakolom. Dibajar ti patoen. Langganan langkoeng misah.

LANGGANAN. 3 sasih. . . . f 1,50 Dibajar tipojoen. Salambar 15 sen.

GEVRAAGD.

Met ingang van 1 Juli 1928 een leerkracht met akte Wiskunde L. O. voor de te openen gesubsidieerde Muloschool der vereeniging PASOENDAN te Tasikmalaja. Gouvernementsvoorwaarden + f 25.— toelage 's maands. Stukken zoo spoedig mogelijk te richten aan het Bestuur Pasoendan te Tasikmalaja. Inlichtingen ook te verkrijgen bij den Heer Hilderling Consulnt van den Bond van Neutrale schoolvereenigingen Kramat 164 Waltevreden.

Gesubs. Neutrale Muloschool der Vereeniging „Pasoendan” te TASIKMALAJA.

Opening met 1 Juli a. s. Aangifte van leerlingen voor de voorklassen en de Eerste klasse voor 1 Juni 1928, door bemiddeling van de Hoofden van Scholen, onder overlegging van een verklaring en afschrift rapport. Toelatingsexamen voor leerlingen zonder verklaring voor Voorklas en Eerste klas op Maandag 11 en Dinsdag 12 Juni 1928, aangifte daarvoor voor 1 Juni '28, onder vermelding van den leeftijd. Zich schriftelijk aan te melden bij den Heer J. L. Amerika te TASIKMALAJA. Het Schoolgeld zal bedragen Gouv. tarief + f 2,50.

Toelak bahla . . . . . tea.

Anoe narik noelis kana ieu djedjer, nja eta pangwawar ti pamarentah ka Volkraad tina roepa roepa kaperloean oemoen (algemeen belang). Dina ieu, aja noe njoempost saentik sarta pikeun koering, anoe rada terang oge hawar hawar bae mah. ngadjadikeun mas'alah anoe pohara pentingna, lantaran soelaja djeung dedeangan tea. Kieu tjaritana dina mededeelingen ti pamarentah teh: Contra-actie ti somahan. „Perloe pisan kawawarkeun, jen aja 2 pakoempoelan ti pehak somahan, anoe maksoedna nakis pamaksoedan extremistisch (pohara ugentjana), nepi ka moesana. Noe kahidji disedegkeunana koe para SCHOLOPZIEIENERS djeung GOEROE GOEROE di kabupaten Garoet, anoe dingaranan TOELAK BAHLA TAWIL OEMOER. Demi maksoedna, nja eta pikeun mere roepa roepa bongbongan djeung katrangan ka noe djadi pamarentah desa. Ari noe gidji deui njaeta „Ahl-Assoenah Wal Djamaah, ajana di Pa. ti (Samarang)”. Koe koering moal waka dibanding banding djeung bedja lanan, tapi dina bewara keueh bae. Dina djoedoele diseboetna contra actie ti somahan, tapi eta actie teh bidjiina ti para OPZIEIENERS djeung GOEROE GOEROE Garoet, da ari somah mah ngan oekoer toetoeoet moending, boleh djadi teu njaho di naon naonana pisan, ngau teu hade tae ari koedoe diseboet noeroet parentah mah, bisi kuerang sidik, teu tjekoep katranganana. Ana kitoe, koe oerang tangtos beunang ditetepkeun jen eta aksi lain djol ti somahan, tapi ti landsdienaren. pagawe goepernemen, anoe noeroetkeun koedoeana, koedoe biloek ka noe djadi pamarentah. Koe sabab eta tjek koering, asa

koerang merenah kabina bina, lamoen eta contra actie diseboet „van de zijde der bevolking”. Eta . . . . , pamendak koering anoe tjikal. Anoe kadoeana, koe sabab pasalia pisan djeung bedja, bet djoeragan-djoeragan OPZIEIENERS Garoet direngkolkeun dina eta laporan, toer noeroetkeun bedja tea mah teu pipileean ari dina moeka orang banjak mah, tapi doeka ari soempot salidoeng mah; siapa tae . . . . . ari di diujana mah. Deui . . . . . lamoen nimbang kana adeg pangadegna, djeung galagat tjariosanana, asa pirakoe, saguej nepi ka teu kagoenan tjepengan neutraal. Tapi sakitoe deui, atawa sanadjan kitoe, anging Toehan anoe waspada, bisi niutjak kana babasan „maling taksiran”. Anoe katiloena, madjarkeun GOEROE GOEROE saafdeeling Garoet. Ieu mah bohong teuing, sabab loba pisan goeroe goeroe di Garoet anoe djadi leden tina hidji gematigle nationale vereeniging, anoe katelah Pasoendan tea. Noe kieu mah taja petana pipileean ka pakoempoelan anoe beurat sabeulah tjara TEBETEO, ahli pasrah, ahli serah, ahli tawakaloe, ahli rido, ahli sarga anoe lain lain, bedjana mah, Jaktos? Ari goeroe tea mah bedjana jaktos anoe djadi loeloegoena teh. malah kakaungkeun djenenganana oge njaeta Djoeragan OTONG SOEARDI NATAWIRIA, anoe parantos kakaeng kakaengkeun kadjempolanana di kalangan pakoempoelan politik. Djaba ti djoeragan noe IEU, nja meureun aja deui goeroe noe seljen oge, ngan mca: loba, nja eta sakoer noe ahli kana kasabaran, soetji beresih ahli njantri, ngan teu paja koe koeroboeokna beunteung. Gede wiwaha koe titip diri saungang badan. Ari diseboet toetoeoet moending onaman,

moal, taja petana, bisi njalaban, sabab pirakoe ari noe membah djalatreng. diome oenggal poe, nepi ka toetoeoet moending mah, saba noe pipertjajeun, katoeroeg toeroeg oesoel asaina toekang pogot kana bebeneran. Tah di dieu oge geus beda deui bae, da meureun goeroe goeroe di Garoet anoe teu miloe oeloe bloeng mah, matak teu, ngennahon, dingaranan NGATEBED. Sanadjan ka oge djadi leiderna oge nja eta ka djoeragan OTONG enz. koering mah masih keneb tjangtjaja sangka, naha euja pangkitona teh uit overtuiging (tina kajakinan), atawa ngan koe aja lantaran noe sedjen bae. Ari sababna koe todjah djeung parjane panjeta, tina pangarti kana prakprakan djeung pangadegan, tjek noe oeninga mah, pirakoe saguej nepi keun ka djadi parobot noe lian. Nja ari dihareupeun djelema loba mah tangtos adjeunna anganken „uit overtuiging” lantaran loba anoe dipihapekun djeung ditjankirangan, tapi ari kana moesika pangakoenan mah, koering katjida hajang njahona. Kaopat perkarna, lamoen boentoet Bandoeng dirandjingkeun kana pabandeng meosog tebetoe, wahtoe njoeboenkeun soepaja didalanan koe djrg. Moesa, djaja pajoes kabina bina, sarta tembong pangparatanana anoe mere kajakinan sidik eta kempalan lain didjieu koe para-Opziesners djeung goeroe goeroe, tapi aja djae kolot anoe sihoengna rangeteng, noe ngabobotohan, ngasong-ngasong boedak ngora anoe masih kapandjangan loeak leok, teu kaop koe hedjo lembok, sina madjoe ka hareup, mentar dihareupeun djelema loba. Noe djadi boengsoe kabelekan ka koering deui, moal enja tae aja hidji kapala B. B. anoe di bawahan Garoet, ditaros sabaraha ledenna pakoempoelan Tebetoe, ana tjelengkoeng teh djawabanana: „Henteu poegoeh bilanganana, ngan beunang diseboet Zientental kabooten Garoet”. Toeh . . . . di dieu oge geus sidik deui bae, na dimana pijaeanana, masing ngorehan sakolong langit oge, hidji koempoelan anoe elidna saafdeeling. Sanadjan noe rodek hoeloe oge. pirakoe teu boga sangsaan, ti mana djolna, djeung saba noe ngadegkeunana, djeung koemaha prak prakana ngawerakan pielaideun. Lamoen seug koering djadi elid di Volkraad meureun ngaharewos ka Djrg. Oto-da ari pok koe maneh mah bisi teu wani-tjing padjoekeun ieu katrangan noe di loehoer teh, hawatos ka pamarentah bisi andel-andeleun, majjar enja kitoe, sakoemaha palaporan ti handap, toer padahal ari dibanding djeung pamongan djelema mah kapan kitoe geuning, si somah mah teu ujabo di . . . . bae. Deui moega pamarentah dihatoeranan, oelah roesoeh roesoeh mertjaja kana roepa roepa peroendjoekau djeung palaporan, lamoen teu disaksian sarta miwaraangan ngaboektikeun anoe tener, bisi pakia kja tjara ieu. Oe. N. Tjita-tjita djrg. Noto Soeroto. Dina panglajagna pagoojoeban Kaom Vrijzinnigen di oerang, de N. I. V. B., aja karanganana dij. Noto Soeroto tina hal aristokratiech stelsel, nja eta hidji atoeran paparentahan noe boga sipat satengah

djeung satengah „somah moerba.” Lantaran asa perloe oge koe oerang dikanjahokeun, koe koering di dieu rek ditjartakeun djoedoele maksoed djrg. Noto Soeroto. Keur noe teu atjan aroeninga perloe diterangkeun heula, jen djrg Noto Soeroto teh, noe ngadon ngoembara-asaina mah rek masantren—di Nagri Walanda, lain nasionalis djadjaran ir. Soekarno atawa Tjipto, ieu mah noe pohara gematigina (sedeng), teu beureum, malah boe teu kajas kajas atjan. Koerang leuwih djadjar djrg. Koesoemo Joedo. Andjeunna roepa-roepana, doeka saheulaanan, doeka pikeun salalawana, teu tjotjog kana parlementaire stelsel nja eta noe moetoekenn roepa roepa atoeran koe wakil rahajat. Ari rengrengan wakil rahajat mah aja, tapi ngan saekoer poerah mere timbangan djeung bongbongan bae; ari noe moetoes mah koedoe hidji djelema bae, kapalana, noe dipilih koe rahajat, make atoeran hak milik totalita (estrapt Kiesrecht). Koe kaom oerang—Pasoendan—tangtos moal dihaminan lebah dieu, sabab toedjoean oerang mah sarga postoesan teh koedoe beubeunanganana rengrengan wakil wakil rahajat; oelah wakil wawakilan, tjara Volkraad ajena, kemoeng koe timbangan (adpis) bae. Lantaran kamadjoenanana roepa-roepa-bangsa di oerang di Indonesia, teu atjan saroea, koe djrg. Noto Soeroto. Indonesia teh koedoe dibagi djadi sababaraha kagoepnoeran: Djawa, kagoepnoeran Soematra, Borneo djeung st. Oenggal oenggal kagoepnoeran dibagi deui djadi sababaraha propinsi, oenggal-oenggal propinsi dibagi djadi sababaraha kaboepaten; oenggal kaboepaten dibagi bagi djadi sababaraha desa. Ngabagi-bagina propinsi noeroetkeun cultuurschakeringna, wates wangenna kaloehoengan hidji bangsa, saperti P. Djawa koedoe dibagi boh djadi tiloe atawa opat propinsi. Djadi opat oepama Bali djeung Lombok, noe niga sigana hajang miloe ka Djawa, direolkeun djadi bawahanana Goepnoer Besar (groot-gouverneur) P. Djawa. Dimana eta bangsa tea geus hajang boga paparentahan sorangan, propinsi teh koedoe dibere autonomie (hak pikeun ngajakeun atoeran atoeran sorangan, keur sorangan). Oerang njokot tjonto P. Djawa. Saer djrg. Noto Soeroto P. Djawa teh, koedoe dibagi djadi tiloe atawa opat propinsi sakoemaha noe geus diseboet di loehoer. Propinsi noe geus hajang boga paparentahan sorangan koedoe dibere autonomie djeung di goepnoeran koe hidji Indonesier, Ari noe djadi goepnoerna koedoe ditetepkeun koe goepnoer Besar tea tina salah sahidi kandidat noe dipilih koe raag propinsi. Lid-lid raad propinsi dipilih koe lid lid raad kaboepaten. Djadi sakoemaha atoeran ajena. Neroetkeun stelsel djrg. Noto Soeroto noe djadi kapala teh nja ambe-naar, nja kapala boemi poetra. Noe djadi Boepati oge koedoe beunang milih, raad kaboepaten. Ari noe netepkeunana saba tina antara kandidat kandidat noe djadi, nja goepnoer pro pusi. Tjindekna kieu: a. Oerang desa milih pielaideun raad desa. Raad desa netepkeun djago djago piloeaheun. Boepati ngabenoem salah sahidi djago djago tea djadi Lurah.

b. Lid lid raad desa—atawa Kie-man—milih pielaideun raad Kaboe-paten. Raad Kaboepaten netepkeun djago djago pidalemeun. Goepnoer ngabenoem, salah sahidi djago djago tea djadi Boeati. c. Lid-lid raad Kaboepaten milih pielaideun raad propinsi. Raad propinsi netepkeun djago djago pigoepnoereun Goepnoer Besar ngangkat tina salah sahidi djago kana Goepnoer. d. Lid-lid propinsi milih pielaideun raad P. Djawa (Java Raad). Java Raad netepkeun djago djago pi Goepnoer Besareun. Goepnoer Djendral ngangkat salah sahidi djago djago tea djadi Goepnoer Besar P. Djawa. Nja Goepnoer propinsi, nja Goepnoer Besar, koedoe bangsa Indonesia. Kabajagna djrg. Noto Soeroto ngan saentik bedana tina kasjaan ajena noe keur didjalanneun. Ari bedana teh nja eta noe djadi Boepati koedoe dipilih koe raad Kaboepaten. Noe djadi Goepnoer koedoe dipilih koe raad Propinsi. Djeung koedoe oerang Indonesia. Aja deui: nja eta Raad P. Djawa bedana teh. Ari noe djadi Boepati koedoe beunang milih rahajat mah, lebah dieu djrg. Noto Soeroto saroea djeung kaom nasionalis noe loba, oepamana dr. Tjipto. Memang enja sakoemaha kasace-ranana dr. Tjipto atawa N. S. noe djadi leider teh koedoe noe tjekoep sagala roepana: noe pangpinterna, panghadana (de beste der besten). Oelah kena kena anak Boepati, nadjan sagala koerang oge djadi bae Dalem. Toeroeg toeroeg noe djadi Dalem wajah kiwari. mah teu tjekoep koe njan bisa tjampoer djeung somahan atawa hade dina gawe badag bae. tapi roepa roepa deui noe perloe andjeunna oeninga. Dimana loba katoena tangtos ka-lejek koe raad kaboepaten. Ana kitoe teu meudjeuhka djadi panoe-g-toen. Eta karanganana djrg. N. S. teu atjan tamat kakara nepi ka dieu, noe maksoedna koe koering ditoeleis di loehoer. Kane noe diseboet merdika mah djaoeh tangheh kenah. Tapi oepama ieu tjita-tjita hal „noe djadi goepnoer djeung Dalem tea geus didjalanneun noeroetkeun atoeran andjeunna (dipilih), nja mokaha bae, meureun sastrip mah madjoe meuseusan. Ari rahajat kana hajungna milih sorangan kapan geus boekti di Garoet oge. Geuning mani rame milih pidalemeun noe dipikahajjah koe mara-uehauana. Kahatoer kapajoenan para kantja oerang Soenda. Penpuriheun ngadarangoe, koemaha sasambatna noe menta diweiaan, sareng pangadjakna noe tjinta ka bali geusanana ngadjadi— atoech sawadiua. ari maos maos bae mah kedah. Jaktos, geus meudjeuhna oerang liir teh, emoe kan kawaadjiaban. bela kana poesaka, titinggai karoe-hoen oerang. Mangga ieu kasanggakeun (\*) I. Panjambat Pasoendan. (Lagoe: Sarkawi, sing serab-keun) enz. II. Soenda Saocloenan. enz.

## Tjoerat-tjaret.

Bisa babarengan?  
koemaha kapertjajaan  
rahajat pribomei tetep?

Lain babarengan leumpang, tapi babarengan digawe, dina lebah noe maksoedna teu sarosa.

Ki Wetan oepamana hajang meunang bati saratoes perak, ki Koelon oge hajang saratoes perak.

Ari dooit pibatieu ngan saratoes-ratwesna perak. Tjing koemaha pibalokareunana?

Ki Wetan emboeng ngelehan maneh, ki Koelon pon pilalagi. Bisa babarengan teu kalawan pasea?

Tah kitoe oepamana, dina lebah oerang ngoedag kamerikahan, oerang hajang loegina, nangtoeng sorangan, ngoeroes sorangan, sagala noe oerang. Itoe taja petana ngidinan, da perloe ngango.

Boektina ajeuna oge geus sakitoe tjejtjokna di Volksraad. Tjejtjok kadoea kalina.

Mimiti kasaoeran Pamarentah siga noe heueuh rek noengtoenna teh. Bangoen noe pobra enjaanana. Ngadjak digawe babarengan, da kaperloean maneh, saerna. Malah njeboetkeun lain Walanda toelen, oepamana teu ngahormat tjita - tjitua kaom nasionalis.

Naon tjita tjitana teh? Nja eta maksoed hajang merdika. Meudjeuhna pisan Walanda ngomong kitoe, sabab maranehanana geus ngarandapan, koemaha rasana ari aja dibawah parentah deungeun.

Koe kasaoeran Pamarentah bieu tea, nepi ka toean Besar koe *Nieuws van den Dag* mah asanah ditendoeng sasatua. Soerat soerat kabar Walanda euweuh hidji noe tjejtjogeu. Nja ger tjejtjok. Beuki tambah tambah tjejtjokna barang aja voorstelna Pamarentah, ngarobah tatandinganana lobaua lid di Volksraad.

Koemaha kaom oerang noe hajang babarengan digawe tea?

Poegoeh bae aratoheun. Asaetun. Aja eta noe rek noengtoen. Aja rek oeah ioh dibawa kana lapang kamerikahan tea.

Orokaja oeng poenja kerna. Si Radja dooit teu eureun eureun metakeun akal tarekah, nja di dieu, nja

di lemboerna, soepaja toedjoean parentahan robah.

Golontang Pamarentah njerita deui. Ketjap ketjap noe tingdaroeoekdoek, rarangoe bareto, bet moesna. Ajeuna mah keding hangit, njeboetkeun Walanda koedoe mere pangadjaran ka oerang, dina djero waktos noe onafzienbaar, hartina noe teu atjan ka deuleu toengtoengna.

Barang tangtoe kaom oerang teu ngeunaheun malah disoerahan koe djoeragan *Transia* onustienbaar di dieu mah sarosa bae s hartina djeung salawasna ge moal; nja eta moal ngentjirkeun Indonesia.

Ari saer toean *Stokvis*: sikepna pamarentah, sanadjan njeboetkeun angger, poegoeh bae tibalik lemah. Koemaha ari tjeuk wakil noe baleunghar?

Tah ajeuna mah tetela, moal matak pasalingtungan harti. Tjejtjog ari kitoe mah. Moal aja noe nganggoe soerat kabar Walanda kana lagoe lagama paparentahan. Malah make ditambahan pokna teh (noeroetan Toean Besar Limburg Stirum) sing saha noe kosmawani tjampalak ka Pamarentah sarosa bae djeung injang ngegel beusi. (*Bruineman*).

Toeh geura dina kitoeana. Djadi toengtoengna bangsa oerang teh teu bisa angger tetep dina portjaja. Di mana geus bray-brajan, reup deui angkeub. Moal aja toengtoengna?

Saha noe rek njeuun anggeus? Itoe mah taja petana. Saer toean *Stokvis* tea mah: Katjapangan Pamarentah ajeuna lain oeah ioh hajang njingkah, tapi salawasna koedoe tetep renggenek di dieu.

Kawas boekti di dieu paribasa: halodo sataoen lantis koe hoedjan aspoeh teh. Moen hoedjana rada badag, kawas renoeng engke bangsa *Soekarno, Iskak Sartono* djeung noe sedjen sedjen.

Oepamana nendjo galagatna di golongnan Boedi Oetomo, pangoejoban noe polara gematigdna (suinger tengah), kawas moal boa.

Saha noe salah? Oerang deui bae tangtoe, tjeuk itoe mah. Faustiek, heethoofdig, meureu pipokeunana teh.

Poho kitoe kana sadjarahna? Abah si Entep.

Paandel andel hantjaan, Satjabakna henteu koengsi tjabak tjibik, Giak koe geraking manah.

2. Dosh, Pasoendan, badan njawa aing, Sok palias moen arek patoeraj, Pegat simpaj sapoe njere,

Nadjan goenoeng antjoer ledjoer. Nadjan laot geus sepi koe tjai, Mo petot aing boemela, Pat njawa doeg boeloe, Paeh hiroep babarengan, Soeka lillah, sanadjan neknanan pati, Boegang patoendjang koendjang.

3. Hoerip sia, hoerip waras sing, Apes sia, sing kababaya, Goreng sia, sing goreng. Noeroes toendjoeng moen rek paloeng, Kadongdora parakal poerikil, Boga niat rek matjakal. Lamoen hanteu djoenoer, Teu nstapan kawadjan, Ngamadjoekun babale gousan ngadja di, Soenda djeung Pasoendanna.

M. A.

## Raad Garoet.

Aja bedja hawar hawar tina kabar A. I. D. madjarkeun dina pahadreng pang dieuna, aja pasentrok antara lid toean djeung lid Haen. Ari alatanana mah tjajah tina bab aloen aloen.

Ti sala saerang elid toean aja noe ngahatoerkeun kabeneran ka Raad, sapedah aloen aloen sok dikosong koe pager dimana dipake maen bal, eta teh katjida ontsieren (ngaroeng) kana kaaloeran dajeh. Koe saha eta menta soepaja dilarang, djeung sawa an tennisbaan anoe araudjeunana anoe aja di sloen aloen tina f 30 teh menta dikooerangan nepi ka saringgit.

Koe aja reactie ti ieu elid kitoe tea, aja sawatara Haen anoe oesik, rada panas daoen tjepilna meureun, sarta nambalang njeboet teu moepakat, lantaran eta pager tea henteu salawasna, ngan oekoer sapoe dnoe peh bae, katoeroeg toeroeg maen bal teh djadi kaontuungan ka raad, koe ver makelijheidsbelasting tea. Angger pager kawat tennisbaan anoe geus sakitoe boeroekna, katjida ontsieren na ka kota. Kitoe deui tjajah teu moepakat kana noeroentan sewaan nepi ka saringgit, bari ditetelaekun sabab sababna.

Toengtoengna tjajita, saer prostelan elid toean teu ditarima koe raad, sarta sabalikna saer pauohoehon lid Haen karompagau koe Raad. Koe taladjak lid pribomei noe kieu, koering ti kadjoehan tadah amlo, sarta ka noe boga tanaga hatoer "salamet overwinning" sareng "bajak tarima kasih", sarehna geus nembongkeun tanagana, djadjanana, dina euggoning "mareboetkeun ki Bener. Jaktos koedoe kitoe, ari djadi wawakil mah, tjejtjog kabina bina, oelah sok ngagedekeun noendoetan djeung soemoehoen dawoeh, dosea, matak doraka ti noe milih oge.

Lamoen seng ieu proestet lid toean tea, dibadamikeunana lain di Raad kabepaten, tapi di hamiteu oepamana, anoe tangtoe tea elohna bangsa oerang teh. Sabab di diuja oerang teu boga meerderheid, elid bangsa oerang ngan saeutik pisan. Djadi sanadjan eta kabajang tea buitensporig (loear biasa) tangtoe katampama koe raad Hamiteu, geus moal ampoen deui.

Koe galagat tjajita ieu, koe oerang, kaom bodo, beuki kabarti deui bae, naou sababna noe matak oerang perloe nganogaaan meerderheid di oenggal oenggal raad, njaeta ngadjaga pikeun kahajang anoe *boekan boekan* tjara ieu. Atawa pikeun uakis nisi kaperloean oemoem bangsa pribomei disedekkeun teuing koe bangsa lian.

Kitoe deui, moegi djadi oeninga ka sadajana, nja ieu pisan sabab sababna, noe matak kaom *Sanah* katjida sarieunannana koe meerderheid teh. Toer padahal taja petana koe bangsa pribomei didjieun kaolipan atawa tjuelika ka kaom batoer, estoe samata mata ngan oekoer pikeun "djaga diri" bae.

Moega moega peta elid Raad kabepaten Garoet anoe pantar kieu badena teh, djadi tjajita djeung toeladan ka kautja kantjana anoe tara pisan boga hodjah anoe matak njeunangkeun ka pangosi nagara, sing boga kapanas, sing boga kahajang sarta sing aja talua, bener djadi balana djelema djelema anoe lalantik. Moenggoeh koering teu aja deui noe diarep arep anging kamadjoean-

na oenggal oenggal raad, sarta moal weleh ngadengekeun djeung naliuga-keun koemaha aksina oenggal oenggal elid.

Oenan.

## Pependeman dajeh Bd. II Koekoepoe Bandoeng.

Dina "Pepen-leman dajeh Bandoeng" sim koering geus ngadadarkeun tina kaajaan dajeh Bandoeng sakadarna, djaba "ti noe geus kapintokeun aja deui kaahanganana teh, nja eta koe polara gantjangan kamadjoeanana eta kota, terah pisan gedena, moen di boedak tea mah boedak boros, morontod terah gede, datangka djol taoen djol taoen teh lain deui beda deui tetendjoan djeung dedengean teh, nja eta koe lantaran tambahna kaajaan djeung perobahan. Kitoe deui tambahna ugareanana sakola sakola geus lain dikieuna, meh sagala roepa sakola geus aja, ti sakola loeboer nepi ka noe pangboetjita (sakola desa) aja kabeh; koe lantaran eta mangrewoe rowoe baroedak awe-we djeung lalaki pada sakola, eta baroedak moerid teh lain oerang da jeh woengkoel, ti djaohna oge rea noe ngaradon njakolakeun. Djadi dajeh Bandoeng teh hidji kota pikeun ngatik mangrewoe rowoe baroedak. Djaman kiwari mah djigana geus teu perloe diwajangkeun deui, naon maksoedna "jakolakeun"? Baroedak teh babakoena soepaja pinter reudjeung bageur, malah dina idjiran sim koering ngatik mangrewoe rowoe baroedak. Djaman kiwari mah djigana geus teu perloe diwajangkeun deui, naon maksoedna "jakolakeun"? Baroedak teh babakoena soepaja pinter reudjeung bageur, malah dina idjiran sim koering ngatik mangrewoe rowoe baroedak.

Dedengeanana, tetendjoanana baroedak teh koedoe di-djaga bisi nendjo anoe lain tendjoenana. Geuning koe indoeng bourang oge ditjontuan dina waktos keur mendjag orok, pokna teh: "Panon oelah di-tendjokeun ka noe lain tendjoenana, tjueli oelah didengekeun ka noe lain dengeunana djeur sadjaba ti eta.

Pikeun ngadjaga eta, teu tjoekep koe di sakola bae atawa di pasantren pasantren, tapi koedoe didjaga, dibantoe di loear sakola, nja eta koe kolot kolotna atawa wali walina eta baroedak di saimah imahna, oetamanana ngara sorangan miloe ngadjaga kana hal ieu. Nadjan sawatara baroedak aja noe tjajitjing di "Internaat", tapi geus tangtoe eta baroedak teh aja liarna, komo noe kitoe mah tjara koeda leupas ti gedogan, panon tjueli teh mamajoe, taja reureuhna dipake katehja katoehoe, mangkuning Setan idadjil marakjangan, babari pisan njangkolna dina panon dina tjueli teh.

Tadi tjeuk sim koering Bandoeng teh hidji dajeh pikeun ugipoek baroedak, tapi nja eta atoeh teu koe hanteu aja bae hamana teh, handjikal koe rea pisan ngoda rantjana anoe mawa kana djalau kateubageuran. Geura mangga arangkat ka Bandoeng lamoen oerang dina waktos sariak lajoeng loemantoeing di aloen aloen, tah dina waktos eta mimiti liar "Koekoepoe Bandoeng". Riab liar daratang ti madhab papat: Boeroedoel ti tebeh Koelon, kampoengau Banaan Trogong, petana pademplou demplon. Barabat ti tabeli Wetan, kampoengau Abah Noerasan, petana pagaudang gaudang. Datang deui, abaring deui, iridan Abah Sarbinih, gawena paloeis pageulis geulis djaba ti, nja rea deui angonan iboe Oegih djeung Amesih. Djadi Bandoeng teh lain heurin koe tangtoeng bae, tapi heurin koe geloeng deui: geloeng djoetjoeng, geloeng soesoan, geloeng oekel, geloeng tikel, geloeng tjokbaj ge.oeng malang, malah aja geloeng broeg broeg, siga geloeng njouja kalepasan. Kabeh pada boga tjita tjita, aja anoe njeta tati, tjetaan soedagar djeung menak, malah aja noe njeta njeta noni European. Aja noe djiga, aja noe henteu; aja deui anoe ningnaung, ari tjita tjita geus aja, tapi satorodjolna tina garogol, lah, matak

hawatos sagala gala salab rap, estoe matak sedih noe ningali pabaoer djeung era parade; beuki soro beuki rajap, rabeng, balawiri, pasooliwer tjara siraroe djadi. Doer!!! bedoeg magrib, anoe aweh salam tjan poetoes, geus brenng di Pistren, ronggeug, ogel, doger ngageroeh tjafa noe ngangkat kuria. Eta koekoepoe koekoepoe riab njalampeurkeun, aja noe kadjero eunteup dina tongtonan djeung roepa roepa deui paningkalna.

Paribasa Malajoe ada goela tentoe ada semoet. Ieu paribasa aloes teuing lamoen dipake dipake jilebah dinja, da soeroepna koedoe diseloet: ada bae bae tangtoe dironon aro. Sanggeus koekoepoe koempoel, nja brenng lalaj lalaj badot pating torodjol njalamberan koekoepoe koekoepoe tea.

Anoe panggalakna babakoena lalaj Tjikoedapateuh, geus tara tata deui, naha boeni pe.ek atawa tjuang, nja kerewek bae disamber nadjan openlucht atawa Openbaar: koe sabab kitoe babari pisan kanjahoanana koe djelema djelema atawa baroedak sakola anoe kabeneran lalar liwat ka diuja. Koe hal ieu djelema anoe boga kasapanan tangtoe kaganggoe, sarta matak djadi bibit goreng (hamaf ka baroedak anoe keur diipoek kana kana kahadean.

Panononan, tempat kalanganan, koekoepoe koekoepoe di dajeh Bandoeng di oenggal madhab aja; eta oge katjida matak gorengna ka baroedak anoe deukeut kadinja, kitoe deui kana kasapanan oerang rea.

Tina perkara teu dimara mana oge moal bisa sepi, tapi ari rea rea teuing tjara di Bandoeng mah, djiga teu dioeroes. Soepaja Bandoeng aloesna djadi 1 wenteuh, oetamana eta koekoepoe Bandoeng katset sajanganu diberesihan koe noe wadjab.

Raksakalana.

## Bewara ti Jong-Java.

Pagojoeban Jong-Java (nonoman oerang P. Jawa), ngawarkeun geus ngajukeun huisvesting Commissie, noe rek noeloeng mangsangankeun tempat ngandjrek uoe pactes keur moerid moerid bangsa oerang, boh lalaki boh awewe. noe sarakola atawa rek sarakola di Batawi.

Sing saha noe perloe hajang meunang pangandjrekna, bisa menta toeloeng ka eta Commissie adresna ka St. SOENARJA Geneeskundig laboratorium Weltevreden.

## Pikiran!

dasar oerang koering.

Entep seureuhna kieu. "koering, oerang, Soenda!" "Moen koeringna lain sapi ieu lain elmoe sapi.

Pirang-pirang paolahan keur sorangan:

oelah mimiti teu amit oelah ngala teu menta oelah ngagasab banda noe lian dj. s. t.

Lebah dieu tatjan tamat paolahan "moen tatjan nepi ka bisi. Bisina ngerakeun oerang.

Basa oerang Soenda!

Miang miang taming meulit ka bitis, woelang kolot djaga diri, bisi ka badi atawa kadoeboeng, katjoegak koe sorangan.

koering deui koering deui, babasan ngeroes sorangan, geus gede koemaha maneh, kolot noe njamboeng koe doengna: "Moegana katambang beas, moegana kaontoen tigoeng, laksana maksad Pasoendan!"

Koedoe djeung pamalina.

Kinanti:

Ditjoetjoedoe kembang koedoe, disoesoemping koe malati, malati kembang boeroean, oelah dipelak di pipir, komo dipelak di toekang, matakna: "Apes kalindih!"

(\*)

## III. Katjapangan oerang Soenda.

(\*) Dimamaoskeun dina kempelan Openbaar di Batawi.

### I. PANJAMBAT PASOENDAN.

(Lagoe Sarkawi, aing serabekun.)

1. Ki Soenda, oelah niuggalkeun, ka koela.

Teu malire, marosea, da bongon Oerang teh kapantjanan, baheula Koe karoehoen didjoeroekun di Pasoendan.

(1) Lemah tjai arandjeun sadajana, Moal beunang dipindingan.

2. Sapoeleuh poeoleuh uja nampik, ka koela.

Sanadjan onggeg onggegan, mitjeutjeub,

Teu beda anak ka bapa, migeulub, Emprona mah: Bapa sing, bapa koela,

(1) Baeu, bangkeut, noe istrina, pamegetna, Langgeor kana pangkoean.

3. Ki Soenda, bapa talatah, peupudjeuh,

Talatah sambian leumpang, soehaja. Ka doeloerna, ti soeklakna, ti sikloekna,

Sing goemati, ariatna, lakoe ngoujeuk.

(1) Nja ngageugeuh noe djadi beuboureuh manah,

Bebene oerang sadaja.

4. Heg, kadiu, kararompoe!, anak wajah!

Tjanggung wareng oelah salah nja tjeuktjoeakan,

Moen palias Soenda poho kokotjoran, Poepoehoning noe djadi poepoedjan manah.

(1) Bongkok ronjok, bengkoeng ri-oeng, kararompoe!,

Ngagoeloeng oeloen Pasoendan.

(1) Lebah dieu ditema koe lagoe: Broundang gering. . . .

### II. SOENDA SAOLOENAN.

(Lagoe: Pohatji, noe aja dina tjidshrift Djowo)

1. Bareng sarera: Ki doeloer - doeloer - doeloer sataloen,

Nja sanak sasampalanna, Istri woengkoel: Pra dewiti, para istri,

Pameget: Pra Dewata, pamegetna

Bareng: Soemangga taloengtik tjai, Malar djadi salebakna.

2. Istri Lebak Soenda teh dimana? Pameget: Manan eta di Pasoendau.

Bareng: Baroek eta teh leuwina, Leuwina Sipatahoenan!

Tempat Siliwangi njipoe, Semedi Galih Pakcean.

3. Bareng: Nja loengsoer ngaloen Tjilwoeng,

Nja ngangkang toenggang eretan.

Raden di Djakra ngendon, Soeboera ngababakan.

Nadjan aloesna ngalingkoeng, Teu lali ka kokotjoran.

4. Istri: Ngidoel njoesuel uoe katjatoer,

Pameget: Ka wetan noe kapitjang-tjam.

Bareng: Rob ka koelon ngadarongdou,

Ngadongdon noe kapiomong, Tebeh kaler beg nalengteng,

Nalengteng noe dipilemek.

5. Bareng: Noe ngidoel mo boeroeng tjuendoek,

Noe ugetan mo boeroeng datang, Noe ngoelon boeroeng ngagambroug,

Noe ngaler tanwande bahu, Istri: Dimana atoh tamplokna?

Bareng: Di Pasoendan moearana.

6. Bareng: Tjadoe noerust angin poejoeh,

Pantang ngalap angin barat. Istrina djeung pamegetna,

Pahujeuk-hujeuk panangan Poepoenden Angkara Soekma,

Soekma djati poepoedjana.

7. Istri: Poepoedjan . . . (teroesna bareng) oerang poepoendjoeng.

Oelah salah uja panjembah, Lain njembah katoehanan.

Pameget: Nja njembah djatining bangsa,

Istri: Bibit boeit oerang tadi, Bareng: Pepentjaran Padjarjan.

### III. KATJAPANGAN OERANG SOENDA.

(Lagoe Dangdanggoela Kadjawan.)

1. Soenda - Soenda sa Pasoendan sami,

Kawadjaban riogeng reongon, Ngahenjeuk sa Djawa Koelon,

Roekoan pasentoel oentoel, Saesjoean, aspai samamanis, Pantang pakia kia,

Tjadoe silih toedoeh,

Basa handjakal, kadohng, kabadi lamoen geus boekti, handjakal tara ti heula, kadohng sok ti pandeuri, enjana sapatamajan, soeka doekana pandeuri.

Basaning koedoe geus tangtoe, koedoe diiring pamali, koedoe direntjangan oelah, teu hade sareng teu kenging, amengan di kebon kembang, oelah tinggal ti pumilih.

Milhan kembang, noe koedoe, sok awet bawaen balik, dagang koedoena batian, moen tani koedoena leuwih, oesaha koedoena njesa, majang Soenda lain tjatjing.

M. G. K.  
Tjiamis 18 Juni 1928.

Naschrift.  
Panjakit:  
boedak tjatjingneun,  
kolot tjitjingneun.  
Baloekarna:  
paeh regeng, dipansioen  
koe-roe.  
koedoena:  
koedoe koe-maha.

**„Teu kaharti sareng teu koe hanteu“**  
dina Sipatahoenan No. 49—50.  
PANJOESOEL.

Wireh dina Sipatahoenan No. 49 sareng 50, aja seratan noe djoedoelna sapertos dilohoer, eta kapansaran teh, ajema parantos hasil deui; nja eta goeroe goeroe desa di sakaboe-paten Gardet, dina sasih Juni 1928, parantos katampi, eta noe lowong April 1928 teh; digentosna deui (kenging gadjih dubbel). Hartosna tetep deui sakoemaha noe didjalankeun kapoengkoer poengkoer, nja vooruit-betaling tea.

Koe margi kitoe dina waktos ajeuna mah, goeroe goeroe desa di kaboe-paten Gerot teh parantos teu aja kapansaranana tina perkawis noe ditjaroekneun dina Sipatahoenan No. 49—50, moegi moegi kapajoenna oelah kapendak deui panjawat dadakan (sasalad) teh.

Nja noe kieu roepina noe sok disoat seuri koneng teh, tjefk kolot tea mah, nja eta ari diemoet koe sim koering mah noe bodo, bet asa teu poegoh poegoh; keur djongdjong djongdjong, hajoh direurewas, sina kaweur pikirna. Estoe digeretak pisan, teu dibedjaan ti awalna, djol djeploek, bae, April lowong saboelan teu dibere doeti; ari ajeuna Juni gebro dibere doea kalieun djeung ngagantian April tea.

Noehoen!

Oka.

**Tangoelan Tjigorowong**

Ari model silih henteu, pilakadar tangoelar. Naon tjaritakeunna. Toeroeg toeroeg noe maros saban dinten oge ningali tangoelan mah. Tapi ari pikeun Patani mah henteu sepi tina kapentingna. Kawantoe hiroep koe tjai djeung koe taneuh. Nja eta atoech sagala oge teu mahala nja mahajoe. Tjara eta tangoelan Tjigorowong di desa koering, Tjibeuning, aja ririwit. Meueus meueus oeroenan, raj taen . . . . . oeroenan, da teu ari balas kadoepak tjash. Oepama sateroesna kitoe, nja hamo. Aja behanna kana katoeloelan tiktikbrek teh. lamoen angger dipigawena wawajagon tjara noe enggeus enggeus.

Kabajang teh kadjeun sakali rada aja oedjojna oeroenan ti sasari asal boga tangoelan noe enjaan.

Meunang bedja di sedjen sedjen apdeling mah, saperti di bawah Bundjar, desa njeun dam dibere soehsidi koe Raad Kaboe-paten.

Tjing djrg. elid Raad Kaboe-paten Bandoeng, oerang Tjibeuning toeloengan, oelah dihaben bae sina oeroenan saban taen.

Saperkawis neda soembangan soehsidi,

Kalih perkawis njoehonkeun dipanglereskeun bae damelna, da poegoh oerang kampoeng mah maloem. Nudjan djrg. Loerulina oge.

Pamoegi oelah dongkap ka teu dimanahan noen.

Oerang desa Tjibeuning.

**Openbare vergadering P. N. I. di Bandoeng.**

Dina poe Minggoe tanggal 17 Juni 1928, P. N. I. tjabaug Bandoeng, geus ngajakeun Openbare vergadering tempatna di gedung Empress Bioscoop Soeniaradjuweg Bandoeng.

Tjatjakan harita di Elita feesterrein aja worstelen sarta hoedjan girimis ti isoek kenah, tapi anoe daratung kana eta vergadering katjida reana. koe-rang leuwih aja 2000 djalma, sarta di anoe sakitoe teh, kira kira aja 100 aweue. Perkara ieu djadi tanda, jen somah di Bandoeng geus rea anoe ngarti kana kaperloenanu pergerakan.

Politie anoe ngadjaga eta vergadering, beunang disoetkeun leuwih tjoekeop.

Wawakilna tina soerat soerat kabar katjida reana, na kitoe deui wawakilna ti pagoejoeban pagoejoeban politik noe aja di Bandoeng, aja kabeh.

Poekeol 9,45 isoek, vergadering mimiti di boeka koe anoe djadi Voorzitterna nja eta Djrg. Mr. Iskaq.

Boeboeka vergadering sakoemaha biasana bae, mimiti Voorzitter njaritakeun maksoedna vergadering, nja eta rek nerakubeun (mengommoemkan) poetesna kongres P. N. I. di Soerabaya. Ieu pagoejoeban anoe haretona make ngaran „Perserikatan Nasional Indonesia“ (P. N. I.) tapi ajeuna diganti djadi „Party National Indonesia“ (P. N. I.).

Ajeuna P. N. I. geus ngabogaan tjabaug tjabaug sarta anoe geus daratang ngirimkeun oetoesanana kana kongres di Soerabaya, nja eta P. N. I. Mataram, P. N. I. Djaketra, P. N. I. Tjireban, P. N. I. Bandoeng, P. N. I. Soerabaya djeung aja deui 2 tjabaug anoe teu njan tetep. di loereun taun Djawa.

Tidjina Voorzitter ngahatoeranan njarios ka Djrg. Ir. Soekarno.

Barang djoeng oge. Djrg. Ir. Soekarno naek kana tempat paranti njaria, mani ngagoeroeh soerak djeung keprok.

Djrg. Ir. Soekarno mimitina njari. takeun naon sababna anoe matak „Perserikatan Nasional Indonesia“ diganti djadi „Party National Indonesia“. Ari anoe djadi sabab, lamoen ngingetkeun kana hartina ketjap „Perserikatan“ mah. Ieu ketjap teh meunang dipake kana sagala roepa pagoejoeban, sanadjan kana pagoejoeban kapaten oge, tapi ari ketjap „Party“ mah ngan woengkoel pikeun anoe ngabogaan azas (dasar), babakoena pisan oedagan perkara politik.

Oedaganana P. N. I. anoe pangpoharana. nja eta. hajang meunang kamerdikaan pikeun bangsa Indonesia bisa ngatoer hiroep koemboeh koe sorangan, oelah aja dina kakawasaan deungeun, djadi tanah djadjahan (pataloekan) tjara ajeuna.

Taja deui anoe djadi sabab, pang-na bangsa Walanda, nepi ka ngereh ka tanah Indonesia teh, ngan perkara njiar tatal hoerip, perkara eusi benteung bae.

Di nagara Walanda anoe tanahna heureut, sarta tjatjah diwana rea, kapaksa koedoe loenta njiar kahiropanana ka loereun nagarana.

Djadi tina sabab eta, lah koe djalan paksa, boh koe djalan tipeo, nepi ka sakoeulah tanah Indonesia djadi erehanana.

Nagara Walanda boga pataloekan tanah Indonesia teh, taja lian ngan dipake djalan kahiropan, gusan tatal hoeripna, ngakoetan redjeki ti lemah tjai oerang diakoetan ka nagarana. Koe sabab eta, tangtoe pisan matak djadi karioehan ka oerang sarere.

Oerang nagara Walanda anoe beunang disoetkeun karereanana kahiropanana goemantoeng ka tanah Indonesia, djadi taja petana pikeun mere kamerdikaan ka bangsa oerang, tangtoe salsawana hajang ngeukeuweuk bae ka tanah Indonesia teh. Koe sabab eta, lamoen oerang hajang meunang kamerdikaan, oerang koedoe ngoempool ngagoeloeng ngadjadi hidji soepaja oerang bisa ngoempoolkeun kakoeatan. P. N. I. henteu ngabeda-bedakeun harkat atawa martabat, sanadjan anoe koemaha bae oge, boh miskin atawa soegih, boh tjatjah atawa menak, koedoe ngoempool ngadjadi hidji.

Bangsa Azia anoe sedjen, karereanana djadi pataloekan, henteu sakoemaha bedana djeung oerang Indonesia, istoening samilik pisan. Djadi tina sabab eta, oerang perloe saejoenan djeung oerang Azia anoe

sedjen oge, anoe pada pada hajang meunang kamerdikaan. Djadi tina sabab eta, pikeun P. N. I. mah, bisa nampa lid anoe lain oerang priboeumi Indonesia, tapi ngan woengkoel pikeun oerang Azia bae. Nja ieu pisan anoe djadi dadasarna P. N. I. teh.

Lamoen oerang nanja ka oerang Europa, naon sababna pangna ngabogaan atawa ugoekoehan tanah djadjahan teh, tangtoe maranehanana moal daek waleh waktja sabulakana, njaritakeun jen tanah djadjahan teh pikeun djadi djalan kana kahiropanana. Tapi anoe rea mat, pangkoenanu teh, pangna ngajakeun tanah djadjahan, ngau rek njebarkeun kasapanan bae, njebarkeun elmoed djeung panemoe. Padahal kasapanan oerang teh, samemeah aja oerang Eropa oge, geus aja ti tadina sarta moel eleh kaloehoenganana. Tjatjakan lamoen enja oge rek njebarkeun kasapanan, meureun daratanna teh, ka tanah tanah anoe tatjan sopan.

Da ari ka tanah Eskimo mah, sanadjan di dinja tatjan sopan oge, koe sabab taja pihaseunana geuning taja anoe naloekkeun.

Saadjan sawareh oerang Europa ngarti oge, jen tanah djadjahan teh henteu adil didjalankeunana, tapi koe lautaran ngarasa katjida boetoesna, nja ditroel rigel bae, toengtoengna nepi ka ngaroromb kieu: Geuning tanah Amerika djeung Australia anoe tadina tanah djadjahan geuning ajeuna djadi tanah merdika.

Atoech ari itoe mah, beda deui djeung Indonesia, kapan waktos oerang Europa daratang ka dinja teh, meunang disoetkeun meh ten aja djelaman pisan, di ajana oge katjida pisan saeutikna. ari tanah anoe sakitoe legana; djadi eta tanah teh, dipake pamindahan oerang Europa, toeloel maratoeh di dinja bae, anoe moal baralik deui. Nja meudjeuhna bae, sanadjan djadi tanah anoe merdika oge. Kapan ari Indonesia mah, ugan sakadar dipake djalan tjari oentoeng bae. Geuning ari geus maroekti mah, teu boeroeng baralik deui ka lemah tjaina.

Oerang nagara Walanda anoe tadina ngau sakadar ngadon dagang, koe sabab kaontoenganana hajang leuwih gede, nepi ka ngarasa perloe. jen tanah Indonesia teh, koedoe ditaloekkeun. Bati nagara Walanda ti Indonesia pang saeutikna dina djeru sataoen moal koerang ti 500 joeta roepia.

Dina djeru 300 taen oerang djadi pataloekan nagara Walanda teh, ngan kitoe djeung kitoe bae. Pirakoe ari oerang Indonesia henteu bisa ngarasakeun onaman?

(toeloekkeun)

**Sababna P. Djawa djadi gegek, loba teuing so-mah ngandjrek.**  
(Samboengan).

Tjoba tingali, sakitoe nojekna anoe datang ka oerang teh, atjan diitoeng noe dilahirkeun didieu deui, paingan Poenale sanctie djoelang djeleug kenah dioerang atoech.

Lamoen sateroesna kitoe sarta saban taen 8000 djalma tambahna noe datang ti taen noe enggeus, koemaha djadina engke P. oerang satapak moending meureun hese hajang boga tanah teh. babakoena di kota kota, kawewoeh djrg. djrg. ti Kemajoran djeung Tjijtando oge aja gerantesna, ngakoe boga milik tjena, toeroenan loeloehorana.

Pikeun djalma noe sok romen njaba ka palabean tjara Tg Priok, Semarang djeung Tg. Perak, bisa ngajakinkeun, jen sabab aja kapal bae moerivedoel noe rek ngadon boemoe boemoe dioerang ari oerang pagneongan mah teu bisa nendjo djngok, njaho njaho geus ngarasa soesah bae neangan kipajah, pakarangan pakarangan di dajeh tjara Bandoeng lolobana noe asing bae, maloem asing atoech moal enja daek ningkalkeun nagarana lamoen teu kadjoereng koe ka boetoech, djadi kipajaha teh leuwih rusa manan priboeumi, noe matak salsawana sok eleh priboeumina, ngaled zassit tjitjingna oge.

Di nagara nagara noe merdika mah hal „kagegekan nagara“ teh djadi toeter tjatjer wakil rajat, ari di oerang . . . . . njaw molongo, di Volksraad oge atjan kadenge sowara noe ngablidjan hodjah, sangkan asing oelah ngilej teuing.

Datangna asing ka oerang, loba noe njaria madjarkeun aja paedahna.

ngoentoengkeun djeung ngamadjoekneun, tapi asing noe komaha noe ngoentoengkeun djeung ngamadjoekneun teh djeung ari loba loba teuing mah atoech matak kamerekaan.

Lima poeloeh salapan riboe djalma noe datang sarta saban taen naek, tatjan diitoeng noe dilahirkeun di oerang, djeru waktos tatoenan deui oge lamoer terces kitoe P. Djawa meureun hurin koe tangtoeng, bahaja kalaparan meureun kasorang.

Noe poegoh mah P. oerang teh kawas didjieun teundeun poho bae koe noe sedjen mah, ari oerang isoek djaganing pagoto. moen geus sawawa, da moal enja idek liher dihandap bae, sagala ge aja toengtoengna, kamana nja pimentjareun ka dieu ka ditoe geus pinoech. Oelah njangka ngan ka Djawa bae asing teh datangna, tingali Borneo, Biliton, Bangka djeung Soematra, balatak semah mani geus hese milang.

Ari batjer mah, tjara kaom noe marentah, nja ugeuuh bae nambalan noe djadi abdina. tapi teu nganjaho-keun jen oerang noe karorontodana-na, sabalikna oerang oelah tjitjingneun, loba loba teuing mah semah radjeun matak hese noe diimah djeung koemaha moen imahna tidorokdok nja noe boga imah noe roegi.

S. M.

**Robah tarp advertentie**

Ti ngawitan ping 1 Juli '28 tarp advertentie robah, mangga bae engke tingalian di loehoer. Nanging ari kontrak advertentie noe parantos djslan mah suggest bae, henteu robah.

Adm. Sip.

Para Djoeragan sarang saderek saderek pameget istri.

Oepami angkat ka Bandoeng oelah lepat, moegi karoelen di

**HOTEL SLAMET BANDOENG.**

Kebondjatiweg 41  
angkat ti Station kinten 3 menit.

Tarif Klas I f 2.— doean f 3 —  
II f 1.50 f 2.50

sonten vrij thee, endjing endjing kenging kofie soesoer endog hajam sareng rnti.

Ieu Hotel kaatang ageung, pamandangan hegar, ngangkgo verdieping (balcon), rawatan beresib, lampoe electrisch, tjai leiding, djongos satia, gampil angkat-angkatan ka tempat anoe rame-rame margi tjaraket.

Hormat noe ngadjeung ngadjeng

E. Cerno  
Eigenaar.

**Preanger Chemicalien Handel**

Telefoon No. 76.

Salamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainnja, Minoeman, Seroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boucilla, dan pekakas potret.

**Schoonmakerij en Kleermakerij**

„Malah Mandar“  
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi rakoekna anggoeun pameget atanapi moerangkalih medela tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng diajagikeun roepi-roepi lawana.

Oge njajagian slop-slop, sendal-senda spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sas.

Hoermatna noe ngantos pesenan poea

**O. Sasmita.**

N. B.  
Toedoeng Panama  
noe didamel tina palm f 8.—  
" " " djakel f 2.50  
strobin (pamoelasna) f 0.25

**TAN JOE AN**

**TOEKANG GIGI**  
Dimoeka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi. Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes.

**TOKO NIC MULLER**

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26. **TASIKMALAJA.**

SAGALA LANDONG SAJAGI.

Oepami moendoet prijskoran kenging pry.

Anoe parantos kenal di toko kenging NGABON (rekening) Rembours ka mana-mana anoe ten atjan kenal. Sajagi: Verbandtrommel (tromel anoe dieusi koe sagala kaperloean di noe tebih ti dokter atauapi ti roemah sakit. Pohara perloe disajagikeun di dessa.

kabar djeung atoerana kenging di toko.

Pangaos compleet moeng 12,50 f 1.—  
Sajagi: PAINKILLER (landong sar-riboe goena) anoe tiasa di-diangu kana sagala kasawat di djeru sareng tiasa diangu ngosok salira.

Sajagi: TJELEI (sipoehan) anggoeun njelep rakoekna, samping badjoe s. n. k.

Sajagi: Sagala landong Patent sareng sagala landong noe sanes². Pangaos tjotjog pisan.

Sajagi: Bangsa kolonje, lish setngit wedak wedakan, pendekna ka perloeun toilet istri sareng pameget.

Sajagi: Sesepeun sareng goela-goela. Mangga tingalian ka toko, di tampi sareng kaweningan bate.

Noe ngantos

**NIC MULLER.**

**Toko Boekoe**

**TROMP DE HAAS**

voorheen toko WEBER

DJALAN STATION No 12. TELF. No 13.

Sajagi roepi-roepi: Vulpen houder sareng parabot sakola sareng Kantor Ngitjal penmas pikeun vulpen.

### Ti padoekoehan

Poë Ahad.

**Pisantrien:** Bade angkat ka mana adjengau teh, ending-eudjing keneh. **Khai H. A.** Bade ka adjengau Ageung noen.

**P.** Iih naha geuning sapertos santri deui, bade ngabakalan, ongkoh parantos ratoes ratoes poetra.

**K. H. A.:** Ih ngarah taja pakelakan bae, oelah rawing tjeuli, sagala dibedja bedjakeun.

Geura ari dijaga noe tosmoet mah, piringing ngadepong, hari ngagoear kandoengau isoen, moal njahooun ieu.

**P.** Euleuh, koetan make sok njapion sagala.

Paiigan disambat koe menak. ka akoe koe ratoes atoeah, da bil-naon ari kitoe bangsa bil-berekat?

Kamari ieu aja kijai Tji Toeseun poë Ahad nja tjara adjengau deui, bade ka kijai Ageung, ari poë sedjen bet kapanggih rek neken ka Bank.

Kawasna keur pimodaleun, naha ari kadenge bet direntenkeun deui, lain haram ari reuten?

**K. H. A.:** Tah kitoena, mamang noe matak amoen ge.

Kontak.

### Hatoer noehoen

Ka Djoeragan Bestuur Pagoejoeban „JONG SOEKAPOERA” parantos masihan pangdeudeul ka „Pasopenda” Tjabang Tasikmalaja pikeun moeka sakola Mulo seueurna f 38,65<sup>5</sup> (tulo posloeoh dalapan 655/1000 roepia), nja eta sapertioena tina kekongangan tooneel „JONG SOEKAPOERA” di Tasikmalaja.

Kahade bilih pahili, Pagoejoeban „JONG SOEKAPOERA” teh nja eta pagoejoeban nonoman nonoman kawit ti Soekapoera (Tasikmalaja) noe sakakola di Bandoeng, djadi benten deui sareng Koempoelan Warg: Soekapoera (K. W. S.).

Bestuur Pasopenda Tasik.

## K A B A R

(Tina s. k. sanes).

Kapal „Alcinous” Maatschappij Prantjis, make djalan kapal Sprong Blao, geus indit ti Djidah tg. 11 boelan Juni, moeatana aja 1263 hadji 143 baroedak djeung 28 orok keneh.

### Pakoempoelan istri.

Di Toeloengagoeng geus diadegkeun Pagoejoeban istri, maksoedna rek ueloeng dimana aja noe babar.

Pikeun lodeuna eta pagoejoeban, bakal ngajakeun leziug tina hal kaperloean noe babar.

Eldna ieu pagoejoeban ngan woengkoel oerang Priboemi, ngaranna „Wanirahajoe” noe djadi loeloegoena vrodvrouw di eta tempat.

### 2 1/2 taoen.

Ti Soekaboemi Aneta nelegram poë tadi (18 Juni) aja landraad, tina spreek delict na noe ka doea H. Moh. Joesoep, voorzitter P. S. I. noe djadi president Landraad barita njaeta Mr. C. H. van Traa.

H. Moh. Joesoep teh di dakwa lantaran tjeuah ngadjak barontak ka djelema rea dina vergadering 17 Juli 1927 di Tjitoeroeg.

Noe laladjo pohara reana.

Noe didakwa dibela koe Djoer. Tjokroaminoto saksi H. A. Sapei di anghap soempah palseo, nepi ka voorzitter landraad keuholeun, sarta mariksana eureun 5 meuit, geus kitoe saksi saksi ditahan saperti soempah palseo.

Noe jadi saksi sedjen, nja eta Wadana Tjitoeroeg, tjamat tjamat Paroengkoeda, Nagrak, djeung Benda.

Eta 3-saksi nerangkeun jen vergadering P. S. I. teh didatangan koe 1500 djelema.

Djoer. Tjokroaminoto nganggap eta perkara teu aja hoekoemanenana. kalawan make katrangau tina soerat soerat Koer'an. Dina lebah eta soemawon dihadja teu boga boga a'jan maksoed kana ngarobohkeun Pamarentah. Koe lantaran kitoe menta soepaja dibebakeun.

Landraad moetoeseun ngahoekoem

2 1/2 taoen.  
Noe di dakwa apel.

### Oerang Toerki di Roeslan.

Di Istamboel gegedan Toerki djeung soedagr soedagrarna arambekun pisan koe robah pangakoeanana oerang Roeslan ka padagang Toerki nepi ka aja noe ditahan di boei sagala.

Pamarentah Sjoevjet ngahalang halang dagang djeung oerang Toerki.

### Djepang di Formosa.

REK MAEHAN.

Chomerka, hidji djelema noe oemoerna 20 taoen dina tg. 14 Juni geus njoba maehan Pangeran Koeni, waktoe keur mariksa balad ti Formosa. Barang mobil Keizer ka station djol datang Chomerka tina tempat boeni ngoedag mobil rek newek pangeran, tapi teu kosa kieu. Eta djelema toeloeh ditangkep.

### Djepang djeung Mandsoerije.

S.igoen 15 Juni.  
Tjeuk bedja ti Cheribon.  
Gaepernoer ujar ti provincie Fengtien, di Moekden ngajakeun receptie keur Consul Djepang. Dina vergadering ditjaritakeun jen persng Roeslan djeung Djepang, Mandsoerije teu dijadi lawahan djeung kamerdikaanana nagara Tjina angger.

Saenggeusna receptie aja bom lima noe dipasang. Doga di club gebouw Djepang. Ieu kadjadian ditoedingkeun bae ka agent ti balad Kidoel.  
Noe roeksak euweuh.

Djepang menta diganti sakabeh karogian koe eta hal. Tapi pembesar Nagara Tjina netak kana pamenta Djepang.

Doga Djendraal ti balad Kaler, sanadjan dilarang koe Djepang, geus tiloek ka balad Kidoel.

### Aneh.

Minister President Djepang (Tonaka) geus ngirimkeun doeti 1000 yen ka anak bodjona noe rek maehan eta Minister, lantaran koe katangkepna noe ugala doeti, sangsara.

### Nagara Tjina.

Ti Peking aja bedja (13 Juni) jen Chiang Kai Shek, pahlawan perang balad Kidoel, geus balik djeung njonjana ka bali geusanna ngadjadi (Fenghua (Chekiang) tjeuah rek ngadon titirah.

Ti Shanghai 18 Juni Djendraal Chiang Kai Sjek njaboet deui meuta lepasna, manebua djangdji ti Chekiang rek ka Nanking teroes ka Peking.

Djendraal Yen Hsi Shan di Peking ngondang ka Cuiang Kai Chek djeung Feng Yu Hsiang, rek barempoeg perkara penting.

## Kleermaker M. SOEKARDI

Gang Bruijns & Thijssen No. 8. BANDOENG.

Trima pekerjaan boeat bikin segala roepa pakean boeat Toean toean menoreot model baroe dan enak dipakenja. Ditarangoeng baik, lekas dan harga lebih moerah. Soedah dapet soerat poedjian dari Regent Paudeglang.

Djoega ada sedia roepa roepa kaen.

## TEGEL FABRIEK „NAJA”

Goenoengabedulah Tasikmalaja.

Sajagi roepi roepi tegel, te ton buizen (koloewoeng) sa reng beton roosters.

Pangaos sareng kaktian di tanggul ngabingahkeun. Prijs lijst sareng monster tiassa di poendoet gratis.

Noe ngadjeng ngadjeng  
S. Najawilaga.

## Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).

Tasikmalaja Telefoon No. 2.

Sajagi Karet, Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michetta, Good-year, Dunlop, sakalian sareng parobot pikeun Auto (onderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) saperti Beureun, hedjo, blao, konang kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui noe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepnier.

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) noe marodel, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kakoe-watanana, dina waktoe ajenna keur rame pisan anoe ngarangs bedil angin (windbuis) pikeun plesirad, nja eta keur blajar nembak atawa keur manok, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana piparaan, heulang, kalong, sareng sadjab ti eta sato sato anoe ngaroeksak, tangtos tiassa kenging koe B. S. A. tea.

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawel di sajagikeun njondong 2 roepi anoe kaliber 5 1/2 sareng 4 1/2 nja eta merk B. S. A. anoe mashoor kaktianana, sareng saena, peloria saji tjeukoep, sadjab ti eta, saingri roepi roepi Eetseries (stelar piring makan) anoe pikeun 6 djam (noe 12 djam), sareng roepa roepa djam (lojeng) Westminster, erloji anoe sarae, peso silet, peso tjeukoer goenting mesin anoe parantes mashoor kasanaanana, njondong roepi roepi oekoeran filter (saringan tja) pikeun ngadjagi kawarasan, atawa kasihatan.

### Nembe medal:

Goegoeritan pangadjaran ngadandang f 0.07  
Kalepatan poetra, dosana iboe rama f 0.50  
Rasiah koesir I f 0.30 II f 0.45  
Neng Hajani f 0.50  
Nampi padamelan tjitakan boekoe-boekoe.

### Toko en Drukkerij

„PASOENDAN”

Tasikmalaja.

## TOKO KHOUW SIAUW SENG (TOKO BENG)

Tasikmalaja

Djaman kamadjoan, kitoe deut ajeuna pikeun ngentengkeun kana perdjanaan, diisagikeun Autobus anoe brangkat ti Tasikmalaja djam 1/2 Bandoeng, djam 12

(via Limbangan—Malangbong)

Tasikmalaja ± djam 3 endjing noe mios ka Cheribon.

” ” ” 8 slang noe mios ka Cheribon

ti Cheribon ka Tasikmalaja ± djam 4 endjing mios ka Tasikmalaja

± ” 8 slang ” ” ti Tasikmalaja ka Garoet

Tasikmalaja ± djam 7 endjing dongkap ka Garoet djam 10

Garoet ± djam 1 slang dongkap ka Tasikmalaja djam 4

ti Tasikmalaja ka Karangnoenggal ± djam 6 mios ka Karangnoenggal

” ” ” 9 ” ” ” ti Karangnoenggal ka Tasikmalaja

± djam 6 endjing mios ka Tasikmalaja

” ” ” 9 ” ” ” ” ± djam 6 endjing mios ka Tasikmalaja

” ” ” 1 slang ” ” ” ” Sadaja autobus brangkatna ti pajoe neun toko BENG.

## Toko „d' ORIËNT”

(TOKO SOENDA)

Naripan (Ketapang) :-: Bandoeng Telf. No. 2328

Ngabntjangkeun roepi-roepa entjit noe aja di Toko Walaada, tasch Istri s. d. t.

Ngabntjangkeun roepi-roepi kaperloean Handwerken, sapertos Wol, kain stramin s. d. t.

Agent ti fabriek tjet batik schilder sareng Spuitbatik „Iris” anoe parantos kasohor kasanaanana, pangaos schilder batik 1 flesch f 0.60. Ngagaleuh seueur langkoeng mirah.

## EMOETKEUNEUN

Kalajan pirang-pirang kabingahan, djisim koering ha-toer oeninga, rening ajeuna parantos tiassa ngawitan njitak sareng baris dikaloearkeun 1 boekoe (roman) anoe diwas-taan „DJODO NOE DI DACO-DACO” eusina soegih koe sari, moetoh pinoeh koe loetjoe, karanganana Djoeragan BAKRIE SOERAATMADJA (Rengrengan Hoofdbestuur Pagoejoeban Pasoendan sareng Redacteur serat kabar Sipatahoenan)

Kenging disebatkeun mek sakoeliah tanah Pasoendan moal aja anoe bireuk kana djenengan andjeunna, ka tje-loek ka awoen kawentar kakontjarakeun, binefas tatag njarita, heres entep saureuhna, loetjoe marga loe-joena.

Komo deui pikeun di Bandoeng mah, parantos kasak sian koe mangreboe-reboe djalma.

Soerat-soerat kabar pada moedji, sanes moeng soerat kabar bangsa priboemi bae anoe moedji teh dalah *Sin Po* sareng *A. I. D. de Preanger Bode* oge teu boeroeng maroedji.

Doepi kasanaanana boekoe anoe kasebat di loehoer, teu kedah dipoedji deui, moeng kedah emoei saha noe ngarangna bae.

Oelah kawaranan teuing, mangga enggal ngagaleuh bilih kaboedjeng sepeun.

Pangaosna eta boekoe, ngahadja dimirahkeun pisan oepami ngintoen artos ti ajenna, samemeh ping 10 Juli 1928 moeng f 0.40 sareng pere ongkos ngintoen.

Saparantosna ping 10 Juli 1928 mah, kedah f 0.50 djabi diwawoehan ongkos ngintoenkeunana f 0.05


Oepami sesah ngintoenkeun postwissel: djisim koering nam-pi dibajar koe postzegels (parangko) sapangaosna.

Noe ngadjeng-ngadjeng

## BOEKHANDEL EN DRUKKERIJ „ECONOM V”

t/o Postkantoor


Bandoeng.



Ketoe Oedeng Makerij

HALIM

West Paser straat 16 Bandoeng



Salamina njagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas k.s.t. ngawitan pangaos f 2.35 f 2.50 f 3.— f 3.50 f 5.— sareng saterasna noemoetkeun komehna saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwireo sareng endul ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tiasa nampi kengenan ngadamel ketoe Oedeng f 2.—

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobiat sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe di loehoer teu koelan.

Njagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sae noe kasarna roepi-roepi pangaos: Kemben, sindjang enz. wadalan Tjiamis, Tasik, Banjoemas, Djo-nas enz.

## INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU

Ir. Soekarno en Ir. Anwari.

Regentsweg 3, Bandoeng.

Nampi saniskauten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskauten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.